



Amakuru y'uturere tubayemwo abantu badasangiy'imico.

IVURIRO RYABAFISE IMICO ITANDUKANYE RY'INDWARA ZO MUMUTWE RYO MURI QUEENSLAND (QTMHC)

Igisata co mubumanuko bw'igisagara citaho abasinzikajwe n'ibiyayura mutwe kikitaho n'amagara yo m'umutwe

Abo turibo :

Turi abavuzi babahinga kugwego rw'Igihugu dukora kugira abantu batandukaniye kumico bashobore kwitabwaho mubijanye n'amagara meza yo mumutwe kandi ngo ivyo bakoregwa bibe inyishu zivyifuzo vyabo.

Ikiguzi :

Ntakiguzi bisaba

Akarere dufashamwo :

Dufasha mumihingo yose ya QUEENSLAND

Abo dukorana :

- Abantu bava mumiryango n'indimi bitandukanye
- Abafise imyaka yamavuko yose
- Abantu bafise ibibazo bifatiye kubigumbagumba, imibano canke ingorane zifatiye kunyifato
- Abantu bakomoka mumiryango irimwo abantu bagendana indwara zo mumutwe bariko bakurikiranwa na baganga.
- Abafasha mugisata citaho abagendana ibibazo vyamagara yomumutwe
- Imigwi ifasha gutahura ibijanye namagara yo mumutwe nubuvuzi bijanye bumaze kuboneka

Uruhusha:

Kubwacu, tunezewa nogukorana numugwayi w'indwara zo mumutwe. Uruhusha rukenegwa mugihe bidusavye gukorana nabo mumuryango wiwe .Iyo umugwayi atabandi bamukurikirana afise (bo mumuryango wiwe) turashobora gusuzuma ingene indwara imeze ataruhusha rurinze gusabwa hisunzwe itegeko ryo 2016 rigenga amagara yo mumutwe

Ivyo dukora:

- Turondera gutahura insiguro ninkurikizi zimico kungorane zamagara yo mumutwe. Ibi birafasha abavuzi b'indwara zo mumutwe mugufata ingingo zingene umugwayi yovugwa ningene yokurikiranwa.
- Turamenyesha abagwayi nimiryango yabo ibijanye namagara yo mumutwe kugirango bibafashe kutahura neza indwara zabo ningene bobana nazo.
- Turigisha tukanafasha abakorera bushake mumiryango ndanga karanga kugirango bigishe kugwanya ukutamenya ibijanye nindwara zo mumutwe nokwiyahura, guteza imbere ubumenyi bujanye ninyifato zihangana nibibazo mena mutwe bijanye no kumenyera imico mishasha nokongereza ubumenyi kubijanye nubuvuzi bw'indwara zo mumutwe.
- Turitunganya inyigisho kubene gihugu kuvyigwa bijanye nindwara zo mumutwe nokubaho neza, indongozi zisabwa gufasha neza abanyagihugu kugira uburenganzira bubangutse kubikogwa vyubuvuzi.
- Turategura tukanasabikanya amakuru kumagara yo mumutwe nokubaho neza mubutandukane bwindimi.

Niki gituma twitaho cane imico?

Dufise abakozi bava mumiryango yimico itandukanye irenga 160 bafise uruvange gwimico itandukanye. Duhaza abo bakozi nabasanzwe bafasha mugisata camagara yo mumutwe kugirango bafashe kumenyesha ibijanye nokubungabunga amagra yo mumutwe.

Twandikire canke muduhamagare:

Uwariwe wese arashobora kwitura QTMHC (umuntu kugiti ciwe, abagize imiryango canke abagira neza).

Terefone: (07) 3317 1234 canke 1800 188 189 (Hanze ya Brisbane)

Amasaha yakazi:

Kuva Kuwambere gushika kuwagatanu: 8h30 gushika 16h30

Aho dukorera:

Etage yakabiri, ibarabara logan woolloongaba QLD 4102

Email: QTMHC@health.qld.gov.au

Site web: <https://metrosouth.qld.gov.au/qtmhc>